

Wommatukaayu mbeymu jëm ci diggante ndundéef yi
ak seen kéew
Département de Mbour, Sénégal



Wommatukaay porogaraam bi
Aju ci jëmale kanam mbeyu njaboot ci
Afrik sowu jant



Fondation
de
France

Muul gi 2015

Bi wommatukaay mooy njuréefu liggéy bi aju ci pexe yi y doxal nisëru REFSA : kuréel gii di dëgëral njériñoo gi njaboot gi def ci mbey tey aar dund gi.

Porose REFSA mu ngi barkeelu ci ndimbalu CFSI, Fondation Ensemble ak AFD ci wàllu Porogaraam biy suqali mbeyu njaboot gi ci Afrik sowu jant - Pafao (woote 2013).



Nii di fondation bu farãas ñoo lëkkëlóo ak CFSI boot porogaraam bi aju ci jëmale kanam mbeyu njaboot ci Afrik sowu jant. Porogaraam baa ngi sukkandiku itam ci barkeelu bi ñeneen di def : Fondation Ensemble, Fondation L'Occitane ak Seed Foundation mi bokk ci pàcc miy dooleel pexe ak jëfyu baax yi.

Waa Agence Française de Développement itam bokk nañu ci ñi def seen alal ci porose bi.

Kàddu ndortee

Porose bi, ñungi koy doxole ci depàrtema Mbuur, wàyye mungi juddóo ci lèkkélóo gi am ci diggante ONG Agrisud International ak association sénégalaise Jàppoo développement.

Ci diiru ñaari at (octoobar 2013 ba desàmbar 2015) ñi ko séq booloo nañu ngir mën a wàññi woyof ak yomba yàq gi am ci njariñoo gi njaboot gi def ci mbey mi, gën koo fésël ci jafe-jafey kéew gi ak gu koom gi.

Jafe-jafe yooyu di nañu lor njariñu mbey ngir njaboot gi donte ñu ngi koy càmbar fuñu tollu ngir tiyé naatànge yi ci aju.

Bunu xoolee ay at ci ganaaw, taxawaay bu ñaaw am na fi ndax ñu ngi jéfandiko njuréef lu am tooke. Te sax yooyu njuréef yu am tooke dañuy yàq suuf si ba mu feeñ ci mbey mi.

Looloo waral kuréel gii di REFSA ligéey ak ñenti mbootaay : RECODEF bu Fissel, mbootaayu baykatu noor yu Ndianda, GPF bu Nianiar ak GPF bu Samaane ngir mën a ràññee, samp ak di natt ay pexe mbey yuy tax yokkute di am lu yàgg ci njuréefu mbey mi ndax ñu ubbéku ci marse yi ci gox bi.

Yëngu-yëngu yi am agum feeñal na 110 jariñoo ci diwaanu Fissel, Sandiara ak Nguéniène.

Boole nañu Service Départemental de Développement Rural (SDDR) bu Mbuur ak Laboratoire Mixte International d'Intensification Ecologique des Sols (LMI-IESOL) ci taxawal ak doxal porose bi.

Wommatukaay bi ñu tabax ci nasaraan ak wolof boole na fésël doxalinu mbay munu setlu, taamu ko ak ñiy yëngu ci REFSA.

Matul sëkk nak wàyye mungi fésël pexe mbeyu noor tey leeral itam ni du luy yeete ci xam-xam ak xarala.

Mu ngi jànge ci beneen wommatukaay bu tudd "Agroécologie en pratiques", Agrisud-Edition 2010.

Fondation Lemarchand, Club Méditerranée, Association Samaane Sénegal ak Patrick Roussillon bokk na ci li ko defar.

Tëralin wi

Pàcc 1 : Cosaanu mbey mu jëm ci diggante ndundéef yi ak seen kéew

Mbey mu jëm ci diggante ndundéef yi ak seen kéew : lu mu tekki p.7

Mbey mu jëm ci diggante ndundéef yi ak seen kéew : lu mu tekki ? p.8

Yan sukkandikukaay ngir ceytug ndox mi mën a yàgg ? p.9


Yan sukkandikukaay ngir ceytug gàncax gi mën a yàgg ? p.10

Yan sukkandikukaay ngir sàmm joor ji ? p.11

Cosaanu mbey mu jëm ci diggante ndundéef yi ak seen kéew



"Joggal baykat bi fexe suuf si naat ndax nga dundal askanwi "



Duggalante ak génnalante ci biir agrosystème

- ① Suuf a ngi soqekoo ci tojug ndeyu doj yi doom aadama di sopi meloom
- ② Suuf a ngi ëmb ay ñam yu mënul a ñàkk ci dundu gàncax gi, ndox la koy boolee
- ③ Xeeti gàncax yiy joxe lejum dinañu samp asot yi ci suuf si
- ④ Ndox mi nekk ci biir suuf dina nàndal tey dëggëral gàncax gi
- ⑤ Gàncax gi dina dundal mala yi
- ⑥ Mala yi daañu indi ndéef miy dundal suuf si gàncax gi di dunde
- ⑦ Joor ji dina aar garab yi, dundal suuf siy dundal gàncax gi
- ⑧ Garab gi dina aar suuf si ci naaj wu tar wi, ngelaw li ak taw yu bari yi
- ⑨ Ci fotosentees, gàncax gi dina naan gaas karbonik, jëfëndikóo karbon bi, sànni oksisen bi ci jawuj ji...



Mbey mu jëm ci diggante ndundéef yi ak seen kéew : lu mu tekki ?

Ecosystème mooy bérëb boo xam ne ñiy dund (mala yeek gàncax gi) ak ñi dundul (doj, xeer, ndox, ngelaw) ñoo ciy saafonte maanaam, di demalanteek dikkalante ci ay jëf. Ecosystèmes yaa ngi dox ay jéego wàyye fu ñu tollu, ñu ngi fexe nu mu maasee.

Agrosystème nakmooy ecosystème bi doom aadama di baye lu mu dunde. Yëngu-yëngoom di na soppi tollooley, yokkute di na am ci ndéef yi ak ci jëfendikó ndox mi.

Looloo tax doom aadama war a jaarale yoon yëngu-yëngoom yi, ràññee ni muy jëfendikó joor ji rawati na suuf si, ndox mi ak gàncax gi.

Agroécologie mooy pexe miy tax nga mën a bay ci kaw sàmm bérëb yi ak seen solo.

Saafonte googu am ci suuf si garab yi ak ndox mi maanaam joor ji yemul rek ci diggante njuréefu mbey mi, yegg na ba ci koom-koom gi (fi nuy jèle li nu mën a soppi leneen, marse ak njëg yi) ak nekkin gi (sàrti mbey yi, doxalkat yi...).

Agroécologie kon pexem suqali mbey la mu jublu ci yokk njuréef yi tey sàmmale solos bérëb yici niko doom aadama fekke, kook-koom gi ba ci nekkin wi.

Li nu mën a jàpp :

Fi jamonotollu, jëfandiko njuréefu mbey di yokku, muy ci kéew gi (giil bi maanaam melow jamonoji di soppeeku) muy ci koom geek nekkin wi (yokkute njëg yi ak sàrt yi), ni nuy doxale agroécologie tax na ba njaboot gi teye bu baax njuréefu mbey mi.

mbey mi
njuréef yi
ay jëf
diggante ndundéef yi ak seen kéew
tolloole yi
jëffandiku gi
yàggay bi

dëggëral faâle wóoral
jëm ci njaboot gi
kaarângé ñam yiy dundal
weg saxal dàq
mengale
soppeeku melow jamono



Yan sukkandikukaay ngir ceytug suuf si mën a yàgg ?



Suuf si taxawuna mbey mi lu bari : dékku yëngu-yëngu yi, téyé ñam yiy dundal gàncax gi a ñ s. Kon jot na nu sàmm ko ci ñetti sukkandikukaay.

1. Liggéeyu bu wegu ci suuf si

Xereñu waajtaay bi dafa am solo ci suuf si (yàqati gi ci jémam, ndéef yi ñuy soppi seen jém ci lu gaaw, walbati gi am ci dundu suuf si...), liggéey bi daal dafa war a nek lu nu weg. Ngir dindi ñax mi ñoos lanuy jël mu tar lool ci suuf si.

→ **Misaal mi :** Ngir dindi ñax mi ñoos lanuy jël mu tar lool ci suuf si.

2. Naatug suuf si aju ci kaw li ndéef yi indi

Ndéef yi di nañu gën a dëggaral jëmmu suuf si, yokk kàttanam ci téye ak joxe ñam yiy dundal gàncax gi.

Di nañu bokk itam ci yokkute reeni garab yi.

→ **Misaal mi :** Njériñutosu ndundéef (ci biir ak ci biti).

3. Kaarange gu jóge ci kiiraay gu sax dàq

Kiiraay dina aar suuf si tey wàññi yàqu-yàqu yi ci mën a dikk.

Kiiraaay googu, bu nekkee ñax muy dund wala bu dee di na yokk doole suuf si ndaxte ndéef yi muy àndal dinañu gën a dëggaral kàttanu suuf si.

→ **Misaal mi :** Mbooloo ak toppalante mbey yi, ngoon yi.





Yan sukkandikukaay ngir ceytug ndox mi mën a yàgg ?



Ndimbal lu nu féetale ci bérëb (ndab lu xóot)



Yémalé ndox mengoo

Jéegoy **ndox** mooy jéegoy dund. Am-amyi dinañu tax suuf si dund, jox ñam yi gancax gi tey xont mala yi.

Léeg-léeg ndox dafay yàq : buy rogalat lu bari ; buy taw ndox mu bari dina yàq meñeef yi, yenn saay mu taa ba nangu bérëbu dékkukaay yi.

Ngir am ndox mu baax, doy te bañ a ëpp, war nanoo fonk ñetti sukkandikukaay.

1. Jëfandiku bu jaaryoon ci am-amu ndox si

Li mu tekki mooy nuy moytu yàq-yàqu ndox mi tey aar am-am yi.

→ **Misaal mi :** Tolloole faro yi(palan yi), mu xóot wala mu tegu ci ken.

2. Càmmugndox mi ci suuf si

Bu nu sàmme ndox mi ci suuf si dina yombal yemaleg jëfandiku gi te wóoral naan gi ci gàncax gi di def.

→ **Misaal mi :** Njariñu tosu ndundéef yi ci biir, ci ñax mi, ci mbey yu wuute yi a ñ s.

3. Kaarange giy moytule tilim-tilimu mbey mi

Danoo war a aar itam sellug ndox mi.

→ **Misaal mi :** Jëfandikuginuydef ci tosgiakyennjuréefiyisoppeku ci may-gi.



Yan sukkandikukaay ngir ceytug gàncax gi mën a yàgg ?



Gàncax gi dina dundal nit ñi ak mala yi. Dina wóoral itam ay taxawaay ci kéew gi : reen yi di nañu dimbali dundu gi ci suuf, li féete kaw aar suuf si.

Kon dina am solo lool nu sàmm te fonk gàncax gi ci kaw weg ñetti sukkandikukaay.

1. Miinefu agrosystème bi ak soxla yi

Ngir am cuqali bu baax, bunuy tànn garab yi nanuy bàyye xel ci yan anam lanu leen di jëmbëte, loolu mooy miinefu agrosystème bi. Waaye loolu doyul, garab yi war nañu itam mengoo ak soxla yi ngir wóoral taxawaayu dundalam (li nu tàmm a lekk, marse yi...).

→ **Misaal mi :** Mbay mu aju ci li nu tàmm a lekk ci gox bi.

2. Ay yoon yu xareñ yu mën a faj soxla garab yite weg kéew gi

Garab yi danuyamsoxla ci seen jëm (suqaliku cijawujjiak ci suuf si, soxla si ñamakndox), ci cér bi nuy itte woo (xob, meññeef, reen) ak seeni yëg-yëg (feebar yi ak yàqute yi).

Yoon yu xareñ yi danoo war a bàyyee xel yoyou soxla ndax ñu faj leen. Wàyye nanujg moytu yàq am-amu suuf si ndax gàancax gi da koy soxla ngir suqaliku (suuf si, ndox mi).

→ **Misaal mi :** Njériñu tosundundéefci biirak ci kaw.

3. Jëme kanam yokkalante yi

→ **Misaal mi :** Yokkalante ak toppalante mbay yi.



Yan sukkandikukaay ngir sàmm joor ji ?



Doomaadama moo soppali **joor ji**.

Mbay mi mu ciy def dina baax su fekke ni dina ko mengaleek kéew gi, dina bon su fekke ni dafay yàq suuf si koy teeru.

Dina baax lool kon nuy méngale yëngu-yëngu mbey mi ak gis-gis bu yaatu ci liy aar suuf si. War nanoo bàyye xel ñaari sukkandikukaay yu mag.

1. Màndij bu yaatu tey sàmmaale wuute gi

Maanaam, nanu gën a farlu ci téoj njembét mu bari te wuute, di ko wëraleek ay garab.

→ **Misaal mi :** Jembét lu mel ni« Dimb ».

2. Kaarànge gu wóor ci lekkug suuf si

Lekku suuf gu jóge ci ngelaw wala ndox dina faral di yàq mbey mi. Moo tax war nanoo jël ay motuwaay ngir xeex jafe-jafe yi.

→ **Misaal mi :** Njembét mu nuwërale ay xeer, ay garab yu ndaw ak yu mag ak lépp lu mën a tiyé ngelaw.



Tëralin wi

Pàcc 2 : Jëfe yi

Njériňu tosu ndundéef ci biir : Fiime bu nu yeesalaat.....	p.14
Mbey yu teggalante yi.....	p.18
Toppalante mbey yi.....	p.20
Njëmbëtu mbeyum noor ci taabal yi.....	p.22
Malaanu gàncax.....	p.24
Tos bi nu waaje ci ndox.....	p.26
Nooni mbey yi.....	p.28
Pajum cosaan yi (joge ci niim, kaani wala laaj).....	p.36

Jëfe mbey mu jëm ci diggante ndundéef yi ak seen kéew



"Màndij lëndëm na wàyye ku ko fi jële maral sànc ndànd foy-foy ferenklaayu "



Njëriñu tosu ndundéef ci biir : Fiime bu nu yeosalat

☞ Jafe-jafe yi

Suuf su son ànd ak suqaliku mbey mu néew.

☞ Sukkandikukaay bi

Ceytug suuf su am ñam tegu ci desitu ndundéef yi.

☞ Li nu ciy ut

Ñojal jëmmu suuf si (kàttanu tiyé ndox mi ak ñam yiy jóge ci suuf si).

Taneel teewaaayu ñam yiy dundal mbey mi (gàncax gi).

Kàddug baykat...

« Damaa tàmmona def ndéefu nag wala bu fas donte soppeekoogul balaa may tàmbali mbey mi. Suma jëmbatee ba noppo, ma def tos bu am tooke ndax mu màgg bu baax (...) »

Bimay ligéey fiime laata ma koy suul, ci la sama gàncax gi di gën a naat. Duma ngénne itam xaalis bu barici tos bu am tooke. »

Elisabeth Sène, Nianiar

1. Sukkandikukaay bi

Njëriñu jëfandikoo ci biir bokk na ci jéegó mbey yu njëkk yi tosu ndundéef gi danuy wax ci biir ndax mooy jiit ujiwi te dafay yàgg, dina dooleel suuf si, dina defaraat yàqu-yàqu suuf si ganaaw banu ci bayee ba noppo.

Wàllam ci ligéey mooy di yokk solo suuf si tey yombal ni muy jote ñam yi koy dundal.

Suuf su sonn

Ndimbal bi fiime
bi ci biir di indi

Yokk ñam

Gënn a dëggéral
mbaaçu suuf si

Teyé ndoxmi

Suuf su am► Jiw walajëmbët

Ferñent yi mën
a jot

Yombal jëfandiku gi

Noy ci ñam yi

- **Misaal mi :** Di dimbali gàncax gi ci yokk fiime ak bépp ñam bu muy soxla moo xam ci tool yu ndaw walla yu mag.

2. Anam yi nu koy defe

Yor ndéef gu doy : 20 ba 30 kilo ci bépp palaç bu 10 m^2 .

Yor ay jumtukaay yubaax ci dem gi ak dikk gi : sareet, burwet, wala saag, peel, rato...

Nanu jàpp

Ndimbalu ñam yu doom-aadama defarul du luy dikk saa su ne ci gàncax gi, teewul dina mottali cafka yi.

Li mel ni dóom dina mottali ñam yi di leen dolli potaas donte bu ëpp bi baaxul ndax mën na fatt naanug mañesiom bi.



Ndef



Fiime bu nu yeesalaat

3. Jàngalin wi

Tosu ndundéef mi dina daw tool bi 15 fan ganaw ngàbbu (20 ba 25 cm) ndax mu mën a moytu lakkug gàncax gi.

Dinanu ko faral di indi ci ndorteeelu jamonoy mbey, maanaam benn ba ñaari yoon ci at mi. Njariñu tos gi dina dund 4 ba 6 weer.

Fiime bu nu yeesalaat	Bunu bàyyi fiime bi ci naaj bi ak ci taw yi	20 ba 30 kilo ci palañu 10 m ² bu ne
Dóomu taal	Ngir mottali mbir yi yóge ci ndundéef yi	50 ba 100 g ci m ² bu ne

4. Yeesalaat fiime bi

Jëmu bi : Yor ay mbir yu jóge ci ndundéef yi ngir mën a am tosu ndundéef yu baax lool ci mbeyu noor yi.

Yeesalaat fiime bi li muy tekki mooy waajal ndéef yu bees yi ba mënkoo jëfandikoo ci tool yi te du yàq gàncax gi.

- ➔ Tànn makkán bi nu koy defe (ci wetu ndox ak ker).
- ➔ Yemale xóotaayu paxi njembét yi : gas lu tollu ci 40 ba 60 cm xóotaay ak 1 meetar ci yaatuwaay gi.
- ➔ Yor ab malaan yu def ndéef, ñax, dóom... Bunuy jëfandikoo niim dina tere gunóor yi ak max yi yàq gàncax gi.
- ➔ Defaraat yeneen malaan ba am jal bu tollu ci 80 cm ba 1 meetar ci taxawaay.
- ➔ Sàng benn jal ak bantu dugub wala ngooñ.
- ➔ Roose benn yoon ayu bés bu ne ak di jaxase fiime bi 1 ba 2 yoon ci 3 ayu bés yu ne.
- ➔ Leerlu ak bant ci soppeeku gi ci war a am (tàngaay bi ci ndorteeel gi wala seddaay bi ci jéexit bi).
- ➔ Fiime bi dina noppí ganaaw ba nu ko wolbatee 1 ba 2 yoon bou lakkul.
- ➔ Fiime bu nu yeesalaat waru nu koo bàyyi ci naaj wala taw.

Li nu t  nk ci ay baat

Fiime bu nu yeesalaat...

- * baax na lool ci may doole suuf su bon si,
- * dina w  n   lakk gi boole yu bon yi di def ci g  ncax gu tuuti gi,
- * dina tax g  ncax gi di m  gg m  ggaay bu jaar yoon.

Njari   ak lor  nge yi ci j  fe yi

Tosu ndund  ef mu baax mi ci biir :

- ↗ Yomb naa liggey  .
- ↗ Dina w  n   linuy wutti njur  ef lu am tooke.
- ↘ Dina tax nu am tos gu bari ci tool yu yaatu yi.

Fiime bu nu t  ggataat :

- ↗ Dina w  n   liggey bu bari ay jumtukaay, dina tax itam nu am tos gu baax gu fi ne.
- ↘ Dina nu may lu nu waajal bu baax liggeyu tool yi.

K  ddug baykat...

« Bi ma t  mbalee yeesalaat fime gisatuma lakk-lakk ci g  ncax gi teg ci itam mbey maa ngi g  n a jaar yoon... tos bu am tooke nak daanaka j  fandikoo tu ma ko ! »

M  odu G  y, Fissel

Li nu m  n a j  app...

Tosu ndund  ef yi dinanu tax nu am as l  f ci nd  ef yuy soppeeku nd  nk-nd  nk ba an njari   ci g  ncax gi. Fiime bu nu yeesalaat dina yokk doole tosu ndund  ef yi.



Wommatukaayu mbeymu jëm ci diggante ndundéef yi ak seen kéew, Département de Mbour - Sénégal / 2015



Mbey yu teggalante yi

☞ Jafe-jafe yi

Jiw yi jafee am ci marse yi.

☞ Sukkandikukaay bi

Pexey mottalante yi.

☞ Li nu ciy ut

Meññeef gi gën a sakkan ndax nu gën a fonk yaatuwayu tool yi.

Kàddug baykat...

« Ay fel aki gunóor ñooy song sunu tool yi laal sole si nu gën a fonk. Ci la nu baye gerte mu wér sole si ba fii mu tollu nii doxna bu baax. »

Diama Fall, Fissel



1. Sukkandikukaay bi

Teggle mbey mooy nga jëmbëttàndoo wala nga jiwanđoo garab yu bari ci benn tool : dinantu ànd di màggandoo wala ñu meññendoo.

Teggle mbey nak bari ay pexe yu nu koy defe. Dina fës ci wuute gàncax gi. Ni ñuy toolu ak li ñuy soxla ci ñam ak ndox, ci seen màgg ci kaw ak ci suuf ak itam ci seen jokkalante.


→ **Missal mi :** Mbey mu jaxasoo, mbey mu toppalante ciw yoon te wuut.

Bey bu jaxasoo : danuy jiwanđoo wala jëmbëttàndoo lu mel ni sallat ak suppame ci benn bérëb.



Bey ci kaw yoon : danuy jiwanđoo wala jëmbëttàndoo ci kaw yoon lu mel ni sole ak navet wala sole ak gerte.

Mbeyum salatit : teewaayu taatu geneen garab ci biir fi tuy baye (taatu gerte ci palanu tamaate).



Nanu jàpp

Teggle yu baaxul dina indi :

- * kujje gu ay gàncax gu niro màggay di def,
- * kujje gu garab gu màggam gaaw di def ak gu màggam yéex,
- * ñàkk gu tar su fekkee ni feebari garab yi ak yàqkat yi benn lañu,
- * ndox mi dina èpp mbaa mu yées su garab yi tolloo wul sox.



Teggle supome ak salaat

2. Anam yi nu koy defe

Nanu yor jiwu mbeyu noor bu bari te wuute.

Nanu xam sukkandikukaayu teggle mbey yi ak njumte yi ci mën a am.

3. Jàngalin wi

Saa boo jiwe ci benn bérëb gàncax gu wuute dañuy wujje tey mottalante.

War nanoo bàyye xel ñetti bennat :

- ➔ Jiw wala jëmbët gàncax gu reen yi wuute : lu mel ni salaat ak supame.
- ➔ Gàncax gi di jit ci ndox meek ñam yi (léjum yi ak meññeef yi wala léjum yi ak xob yi).
- ➔ Nanuy bàyye xel itam leer gi(teggle gàncax gu bëgg lu leer niki kaani ak ci bëgg lu lëndëm mel ni persi).

Ngir aar gàncax gi yenn jiw yi am na lu ñu ci mën : taatu gerte ci biir tamaate ak kaani, jaxatu wala batañse dina xeex ak yàqcati tool yi ; sole si dina dimbali tamaate ji.

Njariñ ak lorànge yi ci jëfe yi

- Yokk meññeef gi : jëfandiku bu jaar yoon ci tool yi.
- Wàññi ñax mu bon mi.
- Yaatuwaayu mbey yi ak fàggandiku gi (waññi yàq gi).
- Tànn gu mënul a ñàkk ay jiw yu wuute.

Linu war a jàpp...

Wuute yi ci kaarànge gi la bokk. Baykat bi dina ci mën a jariñun ci mottalante yi.



Toppalante mbey yi

☞ Jafe-jafe yi

Linuy bay a ka bayaat benn xeetu gàncax ci benn bérëb dana yéexal suqaliku gàncax gi.

☞ Sukkandikukaay bi

Nanuy wéyél mottalikonte gi.

☞ Li nu ciy ut

Gën a sàmm doole suuf si.

Xeex yàqkat yi ak feebari suuf si.

Kàddug baykat...

« Léegi mën naa toppalante mbey yi bari ci benn bérëb sakanal li maya m ci diiru jamono tey moytàndiku feebari gàncax gi. Ci misaal ren maa ngi door mbeyum salaat fekk na ma am njembëtu sole (...) »

Baboucar Ndour, Ndianda

1. Sukkandikukaay bi

Ci toppalante mbey yi, gàncax yu wuute yi ñooy toppalante ci benn tool.

2. Anam yi nu koy defe

Xam cosaan gàncax gi.

Xam naka lanu war a toppalante gàncax gi.

3. Jàngalin wi

Toppalante yi du lunuy làmbatu, dafa war a tegu ci ay anam yu leer :

→ Nanu moytoo jiw ci benn bérëb gàncax yu bokk xeet ngir jàngoro yi ci amoon ak xeeti jàngoro yi leen di faral di topp

Misaal mi : radi, boroom der bu roos bi ak gerte ñoo aay ci ayu maxu nematodd yiy suqaliku ci mbeyum solanase (kaani, tamaate, kaany salaat, batañse...)

Tamaate dina dog ayu weñ yu weex yi ci karoot yi

→ Nanu moytu itam di teggle 2 yoon ci benn cér benn xeet gàncax (meññeef, xob, reen) ndax ñam yi gàncax gi di jéfandikoo bañ a yàqu.

Léjumu meññeef yi (tamaate, batañse, kaani, kàンja...) dañoo soxla ay ñam yu potaasik (K).

Léjumu xob yi (salaat, suppame, persi,...) dañoo soxla ay ñam yu asote (N).

Léjumu reen ak bilb (laaj, sole, nawe, karoot...) dañoo soxla ay ñam yu am fosfoor (P).

Toppalante gi nu soxla : Léjumu meññeef yi Léjumu xob yi Léjumu reen ak bilb.

Nanu jàpp

Bunu bëgge suuf si gën a am ferñent, nanuy dugal ci toppalante mbey yi lu mel ni ñebbe.

Am na ci gàncax gi yuy rey noon ganaaw ba ñu amee njariñ ci toppalante mbey yi, rey noon yi ak xeex ak feebar yi, dinañu setal tool yi. Li ci mel ni gerte, radi ak nawe ay gàncax lañu yuy rey max.

Saa bu cong guy yàq amee, gàncax giy rey noon yi dafay daal di war.



Mbeyum kanni

- ➔ Njékke gàncax gu foqale gi (concombre, tamaate, supome, poivron, courge, courgette) ndax nu mën a fonk tosu ndundéef yi.
Mbey yu foqale yi dañuy soxla 20 kilos tosu ndéef ci palañu 10 m^2 .
Karoot ak salaat ñoo gën anéew li nu soxla (lu yeggul 20 kg ci tosu ndéef ci palañu 10 m^2).
Laaj, nawe, ak sole danuy indi ak jàppale.
- ➔ Weccalante gàncax gu set gi (tamaate) ak gu taq (karoot, nawe wala sole ndax nu mën a moytu ñax mu bari mi ci tool bi).
- ➔ Xaar ab diir balaa ngay jiwaat benn garab ci benn bérëb.
Misaal mi : 1 at ci 2 lanu mën a def karoot ak sole danuy indi ak jàppale.

Njariñ ak lorànge yi ci jëfe yi

- Sukkandikukaay yu ndaw te am njeriñ.
- Yokk wuute gi ci mbey mi
- Dina tax nu gën a farlu ci suur sui am ñam te di ko aar ci li koy yàq.
- Dina taxaw temm ci ut ay jiw yu wuute (90 % ci léjum yi tuy bey ci xeetu solanace lañu bokk).

Linu war a jàpp...

Toppalante mbey dina suqali gàncax gi ndax dina tax suuf si naat dina rey itam nooní gàncax gi ak ñax yu amul njariñ yi.



Njëmbëtu mbeyum noor ci taabal yi

☞ Jafe-jafe yi

Tuuru gi njuréef yi didef ca jaba : dafay ñàkk a jar wala njëg li néew lool.

☞ Sukkandikukaay bi

Mengoo moo war a am ci gàncax gi fi nu koy baye ngir jéfandikoo ko ak soxla bi nu ci am.

☞ Li nu ciy ut

Teel a deqi.

Gén a baaxal palaj yi ndax ñu mën a dékku njëmbët yi ngir mbey mi naat.

Kàddug baykat...

« Naka jekk, damay yéex a door mbeyum noor ndax mbënn miy am ci tool yi jamonoy nawet. Su ma demee jaba yóbb sama njuréefu tool damay fekk mu lamb. Njëmbëtu taabal ji tax na ma door mbey laataa nawt bi di jéex : dinaa teel a jëmbët mbey mi am ngañayu 1 ba 2 weer balaa deqi di jot. »

Mbagnick Dione, Ndianda

1. Sukkandikukaay bi

Jëmbëttu mbeyu taabal ci nawet la baax : dina tax nu defar ay palaj bu mbënn mi tàmbalee ci tool yi.

2. Anam yi nu koy defe

Yor jumtukaay yu mel ne :


- ndox, suuf su weex, suufu mändij, fiime bu nu yeosal ;
- bant, gattax gi, bàmbu, fiil, saag bu nu ñaw, peel, roosekaay, tame, sàanke.

3. Jàngalin wi

➔ Tànn fi nuy def njëmbëtt mi.

Ci wetu dëkkuwaay yi nday kaarànge gi, ci wetu ndox ak itam ci bérëb bu bariwul jànt ak taw bu bari doole.

➔ Defar taabal bu am taxawaayu 1 meetar ak yaatuwaayu 1 meetar ngir yombal ligéey bi. Guddaay bi dafa war a mengo ak li nuy soxla ci.



Nanu jàpp ne :

- * Tàngi taabal ji danoo war a dëgér ndax ñu attan njëmbëtt mi.
- * Biiru taabal ji dafa war a am kattan (attan laltaay bi njëmbëtt mi di dëju) ak yoon wi ndox mi di jaar bu nuy roose (jéfàndiko ay saag yu nu ñaw).

Nanu jàpp

Njëmbët mi danu koo war a sàmm ci taw yu bari yi (jël lu mel ni palastig mu wér), ci naaj yu tar yi ak tànagaay yi (mbuuus buy keral), ci yàqkat yi (lu mel ni sàanke), max yi ak melentaan yi (def geres ci tànki taabal yi).



- ➔ Nanu waajal laltaay boobu ci suuf su weex, suufu mändiq, fiime bu nu yeesal (nanu ko jaxase te fonk sàrt yii :2 tib suufu mändiq + 1tib suuf su weex + 1 tib fiime bu nu yeesal).
Loolu nu tib lépp danu ko war a lay ak tame tayitam nanu wóor ne jaxasoo gi am na ci laltaay bi.
 - ➔ Feccali lal boobu (njaxas bu tollu ci 15 cm) ak baxal ndox sotti ko ci.
 - ➔ Bu laltaay bi sedde, nanu rëdd ay yoon yu soriyowe 15 cm ak xóotaay bu dul romb 3 yoon tolluwaayu jiw yi.
 - ➔ Ni tuy jiwe, nanu ɻëb ci biir loxo jiw yi, diko jal te tollolekook yoon yi.
- Jàppal :** bu la neexee nga sotti ci suuf su weex si nu waajal ci noonu garab yi.
- ➔ Sotti ndox (roose) na ndox mi baax te bu mu ëpp.

Njariñ ak lorànge yi ci jëfe yi

- Dina tax nu tàmbali mbeyum noor fekk jotagul.
- Dina aar suuf si ak jiw yi ci yàqu-yàqu yi ganaaw ba laltaay gi melee na mu ware ak ndimbalu ndox mi.
- Mbeyum sole ci tool yu yaatu yi taxu ko jóg.

Linu war a jàpp...

Mbeyu taabal dina yokk ngañaay cig jot ndax lingay teela tàbali mbeyum noor ba pare am ay palanjiyu set te wóor.



Malaanu gànçax

☞ Jafe-jafe yi

Diiru ligéey bu yàgg (roose ak bey ñax mi).

☞ Sukkandikukaay bi

Malaan buy teew saa su ne tey aar suuf si.

☞ Li nu ciy ut

Wàññi naaw ngi ndox mi di def ak soxlay roose yi.

Wàññi soxlay bey ñax mi.

Kàddug baykat...

« Ay at a ngi nii dama doon am jafe-jafe ci ndox. Wàyye ba ma tàmbale jëfe malaanu gànçax gi laa seetlu ni soxlaa tuma ndox mu bari ci roose bi, tey itam xob yi seen melo dafa soppeeku ba garab yi suqaliku. »

Moustapha Guèye, Ndianda

1. *Sukkandikukaay bi*

Malaanu gànçax mooy gànçax gu wow gi nuy sàngé palaj ti ak taati garab yu ndaw.

Jëfin mu am njariñ la ci mbeyum noor ak ci mbeyum garabi meññeef yi.

Dina am itam ñaari njariñ : dina wàññi soxlay roose gu bari gi ak waññim ñax m.

2. *Anam yi nu koy defe*

Na nga yor gànçax gu wow walma yeneeni ñax, lu mel ni xobu niim, bu dugub, xollitu gerte wala bu ñebbe.

3. *Jàngalin wi*

→ Dag ñax mi balaa am doom, soo noppee bàyyi ko ci naaj bi lu tollu ci ñaar ba ñetti fan.

Ci mbeyum noor :

→ Waajal palaj yi.

→ Yor gànçax gu mën a sàng 5 ba 10 cm ci palajju mbeyum noor wala ci palaj yu xóot yi.

→ Jëmbët/jiw ci palaj yu xóot yi wala ci wetu malaanu gànçax gi te di ko yaatal tuuti ngir moytu mu laalàntek liy yàq (moytu mu tooy xepp).

Ci mbeyum garabi meññeef yi :

→ Bu nu baye ñax mi ci taatu garab yi ba noppo, nanu ci wërale gànçax gu wow gi tey mopytu mu taq ci garab yu ndaw yi.

Nanu jàpp

Malaanu gàncax dine xëcc max yi. Bu booba dafay war nu boole xobi niim yu doy ci defaru malaanu gàncax gi.

Xeetu malaan bi nuy defar (bu sëq wala bu yaraax) diir bi muy sàng mengoo ak malaam gàncax gu sëq su fekkee mbeyu noor yu yàgg yi la (tamaate, suppome, kaani a ñ s...) ak garab yiy meññ ay doom.

Su fekkee gàncax gu gàtt yoon gi la (li mel ni salaat) malaan gu sëq gi danu koy felet ak sàrt wala jaasi ba noppi.



Malaanu gàncax kanni

Njariñ ak lorànge yi ci jëfe yi

- Yomba doxal.
- Aar gàncax gi (dina tere am taq-taq yi nuy faral di gis ci xob yi), aar suuf si ak ndox mi nu ciy denc.
- Wàññi suqaliku ñax mu bon mi (su fekke ni yaatuwaayu malaan bi doy na).
- Lal malaanu gàncax gi dafa laaj jot gu bari (wàyye su xase noppi dina dabuwaat jot gi mu ñàkoon ci roose bi ak dindi ñax mu bon mi).
- Dina wootal max yi, kaña yi ak yeneen yàqkat yi.

Linu war a jàpp...

Malaanu gàncax gi bu nu ko defee ni mu ware dina wàññi soxlay roose ak dindi ñax. Su soppeekoo, dina joxe tosu ndundéef ba yokk suuf si ñam.



Tos bi nu waaje ci ndox

☞ Jafe-jafe yi

Suuf su baaxul du jox gàncax gi li mu soxla.

☞ Sukkandikukaay bi

Ay yoon yu xareñ ci am mbey mu jaar yoon te du yàq kéew gi.

☞ Li nu ciy ut

Indil gàncax gi lu mu lekk.

Aar gàncax gi ci cong gu mën a ñew ci moom.

Kàddug baykat...

« Jëmbët naa 730 taatu jaxatu. Bima jéemé doxal tos bii setlu naa ni ci yooyu tànk laa njékke deqi.

Gàncax gi gën na suqaliku ci fi ma defe tos bi ma waajal ci ndox. »

Michel Faye, Ndianda

1. *Sukkandikukaay bi*

Tos a ngi nii bu nuy defare ci ndox gannaw ba nu uttee fiime ak tosu gàncax.

Moom mooy indil garab gi li mu soxla rawatina asot.

Dinay bokk itam ci liy aar gàncax gi.

2. *Anam yi nu koy defe*

Di nga am ndox, fiime (nag, xar/béy, mbaam àll) wala desitu ganaar ak ñax yu tooy.

Jumtukaay yi : barigo palastik (100 liitar), saaku bu nu ñaw, boom, xeer ak bant.

3. *Jàngalin wi*

Boy waajal tos ci ndox war nga :

- ➔ Feesal benn saaku : 10 k xob yu tooy ak 6 k fiime.
- ➔ Feesal barigo : 100 liitaru ndox.
- ➔ Dugal saaku bi ci ndox mi bës ko ba du génn, wala diigal xeer bu diis ci biir saaku bi ndax mu tiye ko ci ndox mi.
- ➔ Sàng barigo bi ak basaq wala saaku bu mag ngir moytu weñ yi ak xet gu bon gi.
Bu nu ko tëj ba mu sës ndax mu soppeeku
- ➔ Bu defee 2 fan, yëngëlal ndox lu tollu ci 5 simili (na la wóor ni saaku bi diig na ci ndox) ; ayu bés bu ne na nga ko dolliwaat.
Bu ndox mi leere te amul xet ci la tos bi di noppi (diir bi dina faral a tollu ci weer ak xaaj).

Nanu jàpp

Tos bi nu waaje ci ndox mën nanu cee rax xobi niim ak yu kàdd ; ni nu koy jéfàndikoo mooy tax mu nek luy yokk doole wala luy rey yàqkatu gàncax gi.

Kàdd dafay yokk doole gàncax.

Neem dafay ray noon garab yiy dund.

Ku bëgg a jéfàndikoo tos bu nu waajale ndox :

- ➔ Def ko ci suuf : bu ci néew doole feeñee ganaaw 3 ayu bés ba nu jiwee mbaa nu jëmbët, te li ko waral di melo xob yi ñak a wert ndax ñàkk asot, tooloo gi am ci tooyal gi ak ndox 50/50 mu indi 2,5 ba 3 liitar m^2 bu ne wala 0,3 liitar paxu palanj bu ne.
- ➔ Ci xob yi (nanu ko moytu ci garab yu ndaw yi) : tooyal gu tollu ci 1/4 tos gi nu waajale ndox ci 3/4 ndox, ba noppo doxal ci 1 ba 2 liitar/ m^2 ; tos bi bu nu ko waajale woon ci yéré bu woyof, dina indil gàncax gi fiimey xob.

Xeetu tos gi mën nanu koo waajale ci xob ayu bés bune bu ñetteel ba rombee. Nanuy moytu di indiwaat tos ci jamonoy tóor-tóor ludul asot bi néew lool (xob yi dem ba mboq).

Njariñ ak lorànge yi ci jéfe yi

- Yomb naa waajal.
- Am na 2 kanam : dina aar suuf si te koy yokk kàttan.
- Neexul a ligéey ci tool yu yaatu yi.



Linu war a jàpp...

Tos bi nu waajee ndox dafa baax ci dëggëral garab yi, tey itam dafay aar suuf si ci yàqkat yi.



Nooni mbey yi

Batañse ak Jaxatu

Noon yi	Jamono yi mu feeñe	Melokaan bi	Yàqute gi	Dànkaafu ak pajum cosaan
Saxu meññeef	Juddug meññeef gi.	Liiru lëppaalëpp bu yolet, doq gi ñàkk melokaan, biir bi roos am kawar.	Féete ci biir doom bi, kenn du gis yàqute gi ludul ñu ubbi doom bi.	Fagaru : na tool bi set. Faju : fajee ko kaani, laaj wala niim bala muy dugg ci biir doom bi.
Liiru lëppaalëpp buy yàq xob	Ci diiru li gàncax gi di suqaliku.	Liiru lëppaalëpp bu sàcc wert ak mboq.	Day jam di muucu, day joxe doomi jängoro. Xob yi day mboq di wëndéelu melni kudd.	Fagaru : na tool bi set. Faju : balaa sax bi di dugg ci biir doom bi nanu ko faj ak niim.
Yasid (gunóor)	Ci diiru li gàncax gi di suqaliku.	Gunóor gu wert am lu mboqdi nek ci suufu xob yi.	Day jam di muucu, day joxe doomi jängoro. Ci nawet song gu tar lay def ba xob yi wow.	Fagaru : na tool bi set. Faju : balaa sax bi di dugg ci biir doom bi nanu ko faje niim, kaani ak laaj).
Ruy (feebar)	Ci diiru li gàncax gi di suqaliku ci tàngaayu 18°C ak 24°C.	Sàmpiñoo buy dund ci jamonoy sedd wala tàngaay.	Cong gattax gi ak xob yi. Wérngal ay taq-taq yu mboq lu mel ni puudar lay wac ci kaw xob yi.	Fagaru : nanu moytu roose xob y. Faju : paj gu nu jelé ci xobi pàppaaya.

Konjkombar

Noon yi	Jamono yi mu feeñe	Melokaan bi	Yàqute gi	Dàンkaafu ak pajum cosaan
Weñ yi	Bu gànçax gi tàmbalee tóor-tóor.	Liiru lëppaalëpp bu am 10 mm sàcc weex ak mboq.	Jam meññef yi yàq ci biir.	Fagaru : pajtal gu jóge ci kaani, laaj ak niim.
Koksinel (gunóor)	Ci noor la ëpp li muy am.	Liiru lëppaalëpp bu mboq, doq gi ñuul wàyye xonk su màggée.	Dafay lekk ci biir doom bi. Xob yi dóomu taal, wow.	Fagaru : fore loxo. Faju : pajtal gu jóge ci kaani, laaj ak niim.
Koleopteer (gunóor)	Su gànçax gi bare xob.	Liiru lëppaalëpp bu mel ni iwaar. Su màggée biiram ñuul, doq gi xonq sàcc sorãas.	Dafay lekk gattax gi, yàq reen bu mag bi, ray gànçax gi.	Fagaru : fore loxo. Faju : pajtal gu jóge ci kaani, laaj ak niim.
Milju (feebar)	Su gànçax gi bare xob ci jamonoy tàngaaay ak ndox.	Sàmpiñoo.	Tàq-tàq yu mboq sàcc wert. Xob yi mel ne waluur bu yolet. Li mu laal di soppi melo, xob yi di lemu.	Fagaru : roose suba teel tey moytu xob yi tooy. Faju : paj gu nu jelé ci xobi pàppaaya.
Oyjum (feebar)	Su gànçax gi bare xob ci jamonoy ndox.	Sàmpiñoo.	Tàq-tàq yu weex def puudar ci kawa k ci biir xob yi, dafay wowal gattax gi.	Fagaru : moytoo roose xob yi. Faju : paj gu nu jelé ci xobi pàppaaya.

Suppome

Noon yi	Jamono yi mu feeñe	Melokaan bi	Yàqute gi	Dàンkaafu ak pajum cosaan
Teeñu gànçaxu boroom kurwaa yi	Su pom bi tàmalee suqaliku.	Sax buy door a toj ci nen ñaari cat yi sew, su màgge doon lëppaalëp bu mboq.	Dafay tëj xol bi lekk xob yi ; su bari car rek la xob yi di dese.	Faju : pajtal gu soqekoo ci niim.
Bore suppome	Su pom bi tàmalee juddu.	Sax bu dóomu taal. Bopp bi ñuul.	Day tëj cëslaayu gànçax gi, dugg ci biiru xob wala ci xol bi. Gànçax gu mu song doo am pom.	Faju : pajtal gu soqekoo ci niim.
Sax bu dóomu taal	Su pom bi tàmalee juddu.	Sax bu dóomu taal. Bopp bi ñuul.	Day tëj cëslaayu gànçax gi, dugg ci biiru xob wala ci xol bi. Gànçax gu mu song doo am pom.	Fagaru : for ak loxo. Faju : pajtal gu soqekoo ci niim.
Sax biy yàq xobi wattéen	Léeg-léeg lay feeñ. Ci jamono yi suqaliku gànçax gi di am yépp.	Sax yu dijj 35 ba 40 mm wert bu leer. Su yàgge mu dóomu taal.	Day gas xob yi wala ut yoon ci pom bi.	Fagaru : for ak loxo. Faju : pajtal gu soqekoo ci niim.

Salaat

Noon yi	Jamono yi mu feeñe	Melokaan bi	Yàqute gi	Dàンkaafu ak pajum cosaan
Saxi Nematodd	Ca njëmbët la.	Dafay indi ay góom ci gànçax gu ndaw gi ak gu mag gi.	Xob yi danuy mboq reen yi kax (niki kurus).	<p>Fagaru : teggle mbey yi (taatu gerte ak nawe) ; toppalante mbey yi tey bàyye xel noonigànçax gi (gerte ak nawet).</p> <p>Faju : tasaare xobi niim ci suuf si.</p>
Sax yi	Léegèléeg lay feeñ ci bépp suqaliku gànçax gi.	Sax yu ndaw yu wert-dóomu taal.	Dag xob yi ci suuf si.	<p>Fagaru : for ak loxo.</p> <p>Faju : pajtal gu soqekoo ci niim.</p>
Septoriose	Léegèléeg lay feeñ ci bépp suqaliku gànçax gi.	Sàmpiñoo (doomu jàngoro).	Taq-taq yu mboq wérngalu jéexé ay tèp-tèp yu ñuul.	<p>Fagaru : bu nu roose xob yi tey moytu suuf si di ko dello ndox mi.</p> <p>Nanu dindi xob yi ci suuf.</p>

Soble

Noon yi	Jamono yi mu feeñe	Melokaan bi	Yàqute gi	Dàンkaafu ak pajum cosaan
Srips (gunóor)	At mi yépp wàyye nawet lay gën a bari li muy yàq.	Gunóor gu ndaw, laaf yi mboq te bu de xale du ko am. Ci kaw xob yi ak ci biir lay dunde.	Suqaliku gànçax gi lay yàq, wowal xob yi. Feeñal ay tèp-tèp yu niru xaalis ci xob yi te leen di lem.	Faju : pajtal gu jóge ci kaani, laaj ak niim.
Sax yi	Ci bépp jamono gu nuy baye ak di jëmbët.	Dafy wet ba noppi doora dóomu taal ; am itam ay rëdd yu mboq yu taxaw ak yu tëdd.	Xob yi di bënn.	Faju : pajtal gu jóge ci kaani, laaj ak niim.
Maxi Nematodd	Ca njëmbët la.	Dafay indi ay góom ci gànçax gu ndaw gi ak gu mag gi.	Gànçax dina wow, mboq doora dee. Ren yi di néwwi.	Fagaru : teggle mbey yi (taatu gerte ak nawe) ; toppalante mbey yi tey bàyye xel noonigànçax gi (gerte ak nawet). Faju : nanu jaxase xobi niim yi ci suuf si.
Fomaterestris	Diiru dundu gànçax gi.	Sàmpiñoo (doomu jàngoro) buy dund su mbeyum soleet di ñëw a ka ñëwaat te soppi wu nu ko.	Mooy tax reen yi roos gànçax gi tuuti.	Fagaru : toppalante mbey mu baax (moytu kaani xeeñ ak kaani salaat yiy tiyé gunóor yi). Yemale xëccum ndox mi (suuf su tooy si dafay suqali sàmpiñoo yi) tey dindi desitu soleet yi ba tool bi set.

Kaani salaat ak Kaani xeeñ

Noon yi	Jamono yi mu feeñe	Melokaan bi	Yàqute gi	Dàンkaafu ak pajum cosaan
Sax yu roos	Ca ndorte juddug doom yi.	Day mel ni lu ploŋ sàcc mboq, doom yi di nëb.	Weñ wi day nen ci kaw doom yi. Nen yi toj, dugg ci biir doom yi, gas leen ut ay yoon. Nëbal doom yi.	Fagaru ak faju : pajtal gu jóge ci niim balaa sax yi di dugg ci doom yi.
Weñu meññeef guy joge mediteraane	Ca ndorte juddug doom yi.	Day mel ni lu ploŋ sàcc mboq, doom yi di nëb.	Dafy nen ci kaw doom yi. Saxam dugg ci biir di lekk. Doom bi mu song wadd.	Fagaru ak faju : pajtal gu jóge ci niim balaa sax yi di dugg ci doom yi.
Acariose bronzée (Akarios bu boroos)	Ci diiru li gàncax gi di soqaliku.	Bët kese mënu koo gis.	Xob yi di mboq ndànk -ndànk, di wow aka niin ci suuf am itam ay tomb yu ñuul.	Fagaru : pajtal gu jóge ci niim.

Tamaate

Noon yi	Jamono yi mu feeñe	Melokaan bi	Yàqute gi	Dàンkaafu ak pajum cosaan
Lëppaalëpu tamaate	Ci diiru li gànçax gi di soqaliku.	Nen bu weex sàcc mboq ci kaw xob yu ndaw yi, tóor-tóor yi ak doom yi dañuy am sax tu wert-leer wala lëndëm, 35 ba 40 mm.	Bënn doom yi ak xob yi, dagg tóor-tóor yi. Doom yi di nëb di daanu.	Fagaru ak faju : pajtal gu jóge ci niim balaa sax yi di dugg ci doom yi
Acariose bronzée (Akarios bu boroos)	Ci diiru li gànçax gi di soqaliku.	Bët kese mënu koo gis.	Xob yi di mboq ndànk -ndànk, di wow aka niin ci suuf am itam ay tomb yu ñuul.	Fagaru : pajtal gu jóge ci niim.
Alternariose (alternarioos)	Ci diiru li gànçax gi di soqaliku.	Sàmpiñoo (doomi jàngoro) buy suqaliku ci tàngaay ak ndox.	Dafay teg ay taq-taq yu lëndëm ci gattax gi, ci tànku gànçax gi, ci xob yi ba ci doom yi.	Fagaru : nanu moytu roose xob yi. Faju : nanu ko faje xobi pàppaaya.
Lu weex li Sàmpiñoo (doomi jàngoro)	Ci diiru li gànçax gi di soqaliku (tàngaayu 20°C ak 28°C).	Sàmpiñoo (doomi jàngoro) buy suqaliku ci melow jamono ju wow.	Xob yu màggat yi rek lay song. Def ay taq-taq yu mboq ci xob yi, ñu tàmbalee dee ci digg bi.	Fagaru : nanu moytu roose xob yi. Faju : nanu ko faje xobi pàppaaya.



Wommatukaayu mbeymu jäm ci diggante ndundéef yi ak seen kéew, Département de Mbour - Sénégal / 2015



Paju gànçax gi jóge ci may gi

☞ Jafe-jafe yi

Yàqkat yi dañuy song lu bari te jot ci saafara soosu jafe.

☞ Sukkandikukaay bi

Ay yoon yu xareñ ci am mbey mu jaar yoon te du yàq kéew gi.

☞ Li nu ciy ut

Wàññi cong gi (fagaru).

Wàññi yàq-yàq yi bu cong amee (faju).

Kàddug baykat.....

« Faje xobi niim baax na lool ci saxi nemaatod daa wuma am dara ci mbeyum tamaate.

Wàyye bi ma jémée jaxase neem ci suuf si laataa may jëmbët am naa ci ngañaay lu yaatu. »

Layr Sène, Ndianda

1. Sukkandikukaay bi

Paju gànçax gi jóge ci may gi dina indi ay mbir yu am solo yi muy jële ci gànçax gi.

Saafara soosu dina dikk ci anam yu ne : bañ lépp luy yàq, di fi jële li baaxul li.

2. Jàngalinu xeex gunóor

Bu nu bëggee waajal paj gu **jóge ci laaj wala kaani** :

- ➔ Wowalal te Dëbb doomi laaj yi (wala bu kaani) na wow konjñ.
- ➔ Nu xóoyal 2 kudd supp ak pëndëxu laaj bi (wala bu kaani) def ko ci 10 liitaru ndox ba mu mat 12 waxtu.
- ➔ Jaxaseel 2 liitar ci li nga waajal ak 4 liitaru ndoxu saabu bu nu waajaloon ba noppo.

Ci fagaru :

- ➔ Nanu ko def ci tool lu jiitu weer laataa gunóor yi di ñëw, palañu 10 m^2 bu ne nanu ci def 0,6 liitar. 10 fan yu ne nanu ko defaat.

Ci faju :

- ➔ Lu nu defoon benn ci saafara si nanu ko ñaareel ($1,2$ liitar ci palañu 10 m^2) nanu koy def a ka defaat ba jàngoro ji deñ.

Laaj ak kaani ñoo gën a baax ci sax yi yàq batañse ak jaxatu ji, ci weñ yi ak gunóor giy yàq soleb si.

Baax nañu itam ci yàqkati mbeyum tammate ak bu batañse.

Nanu jàpp

Niim mën na bokk ci cosanu fiime bi ci kaw nu dugal xob yi ci njëlbéenu fiime bi nu yeesulaat wala ci malaanu gàncax gi.

Baax na lool ci max yi bu nu boolee xobi niim ci laltaayu njëmbët yi ci suuf si dine baax ci yaq-yaqu nematod yi.



Ku bëggee waajal paj gu **jóge ci niim** (baax lool ci sax yi ak gunóor yi) :

- ➔ Dëbbal 3 kg xobi niim (su mënee am doom baax na ci).
- ➔ Nu xóoyal ko ci 10 liitaru ndox ba mu def 12 waxtu (ndox mi day niru wert).
- ➔ Segg ak morso yéré bu woyof te jàmb ko ndax seggit mi du am raxe.
- ➔ Nu yokk ci ndoxu saabu ba mu mat 30 liitar.

Ci fagaru :

- ➔ Def lu tollu ci 3 liitar ci palaju 10 m². Di ko defaat 6 ba 10 fan.

Ci faju :

- ➔ Di def pajtal mel ni kuy faju wàyye tàmbalee 2 faj 3 fan yu ne.

Niim bi dina rey sax yi ak liiru doomi jàngoro yi, weñ yu ndaw yi, ak socct yi.

Ku bëggee waajal paj gu **jóge ci pàppaaya** :

- ➔ Dëbbal 1 kg xob yu tooy.
- ➔ Jaxase ko ak 10 liitaru ndox def ko ci ndab lu ubbéeku ndax ngelaw li di ci dugg.
- ➔ Dee ko yëngal bés bu ne.

Ci faju :

- ➔ Bu defee 15 fan, nanu ko segg di ko jëfàndikoo te doo ci yokk dara : 2 liitar ci palaju 10 m². Di ko defaat 7 ba 10 jours (3 faj).

Xobi pàppaya yi danoo baax ci feebar yi.

Njariñ ak lorànge yi ci jëfe yi

- Yomb na waajal.
- Dafa soxla ay defar yu bari ngir xeex yàqute yi.
- Kaani ak laaj baax nañu lool ci tool yu yaatu yi.

Linu war a jàpp...

Paju gàncax gi jóge ci may gi am na njariñ lool (dinañu tax ba nuy jëfandikoo li am ci gox bi) am itam kàttanu xeex lépp luy yàq gàncax gi.



Wommatukaayu mbeymu jém ci diggante ndundéef yi ak seen kéew, Département de Mbour - Sénégal / 2015



Wommatukaay bii, Louis Etienne DIOUF ak Ousseynou DIENG bu Jàppoo Développement, ñoo ko tabax ci jàppaleg Baabakar Sàmb mu SDDR bu Mbuur.

Firi : Abdou khadir SECK

Ndimbal li ci sottil gi : kiliftéefu pexe yi, Agrisud International.

Photos : Proroseem ak Régis Binard.

Date : Décembre 2015.